

Адыгэбзэм и пщIэр яIэт

2-нэ нап.



Дахагъэм и дунейм утезышэ

2-нэ нап.



Е зыхуэпэкIэкъым, е шэсыкIэкъым... къэбэрдейхэм ялъэщIыхьэнукъым

3-нэ нап.



И къулыкъум хуэфащэщ

4-нэ нап.


ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ

ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№125 (24.407) ● 2022 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 20, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ


Пащты Герман къытхуищIа тыгъэ лъапIэхэр



4-нэ нап.



КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# ИджыпстукIэ лэжьыпхъэ нэхъыщхьэ дыдэхэр ягъэбелджылы

**Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекIуэкIым, дызэрыт илъэсым щыщу блэкIа мази 9-м республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам, 2023 гъэм КъБР-м и республикэ бюджетым и проектым, апхуэдэу ди щIыналъэр бжьыхьэ - щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Къуныжь МуIэед**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, министрхэр.

ЗэIущIэм и пэщIэдзэм тепсэлъыхьащ мобилизацэм хиубыда зауэлIхэм, доброволецхэм, апхуэдэу абыхэм я унагъуэхэм ядэIэпыкъуным пыщIа Iуэхухэм. **КIуэкIуэ Казбек** къыхигъэщхьэхукIащ: «Ди республикэм щыщу мобилизацэм хэхуахэмрэ доброволецхэмрэ защIэгъэкъуэныр нобэ лэжьыгъэ нэхъыщхьэ дыдэщ». Япэхэми хуэдэу, муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэм я къалэнщ дзэм къулыкъу щызыщIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я нэIэ трагъэтыну икIи хуей хъумэ, зыхуэфащэ дэIэпыкъуныгъэ иратыну. Апхуэдэу муниципалитетхэм я унафэщIхэм зыщагъэгъупщэ хъунукъым унагъуэхэм ахъшэ дэIэпыкъуныгъэ щхьэхуэхэр зэрыхуахыр. Правительствэм мыбдеж къыбгъэдохуэ зауэлIхэм папщIэ республикэм щагъэува ахъшэ дэIэпыкъуныгъэр и зэманым икIи ирикъуу етыныр.

Социально-экономикэ зыужьыныгъэм зэкIэ кърикIуахэм щытепсэлъыхьым республикэм и унафэщIым къыхигъэщхьэхукIащ, иджырей геополитикэ щытыкIэм емылъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зыхуигъэувыжа къалэнхэр зэригъэзащIэр. «Инфляцэм пыщIа зэхъуэкIыныгъэхэр къэтлъытэу, дэ къэрал дэIэпыкъуныгъэр нэхъ нэгъэсауэ икIи тэмэму къэдгъэсэбэпыну, а лэжьыгъэр инвестицэхэр нэхъ зыубгъуауэ къызэщIэгъэуIуэным, производствэм и лъэныкъуэкIэ къытпэщытхэр гъэзэщIэным хуэдунэтIыну къыдбгъэдохуэ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Республикэм и Iэтащхьэм зыхуэфащэ унафэщIхэм къагуригъэIуащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным и лъэныкъуэкIэ къыкIэрыхуныгъэ къагъэхъу зэрымыхъунур. «Подрядчикхэм зэпымыууэ фапыщIауэ фыщытын икIи ухуэныгъэхэр зэрекIуэкIым махуэ къэс кIэлъыплъын хуейщ», - къыхигъэщхьэхукIащ абы.

Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм мази 9-м къикIуахэм зэIущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**. Республикэр яхэтщ инфляцэр нэхъ тэмэму зэтезыIыгъа субъектхэм. Накъыгъэ мазэм ар процент 16, шыщхьэуIу мазэм процент 12,98-рэ хъууэ щытамэ, фокIадэм процент 12,46-м нэсу ехащ. Зэрыщыту инфляцэр Урысей Федерацэм процент 13,68-рэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым - процент 13,09-рэ зэрыщыхъуар къэплъытэмэ, ахэр бжыгъэ хъарзынэщ. Экономистхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ лэжьыгъэр зи фIыщIэр хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ зезыхьэхэрщ. Ауэ абыхэм апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр къэхьынымкIэ сэбэп хъуащ финанс IуэхущIапIэхэм абыхэм кредиту иратар сом мелард 16,3-м зэрынэсыр. Апхуэдэу къэгъэлъэгъуапхъэщ накъыгъэ мазэм и закъуэ я щхьэр зэрапIыжын IэнатIэ къызэзыгъэпэщыжахэм я бжыгъэр цIыху мин 30-м щегъэжьауэ мин 50-м зэрынэсар. Республикэм и экономикэр япэкIэ зыгъэкIуатэ Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ лъэпкъ проектхэр. 2022 гъэм абыхэм хухаха ахъшэр сом мелард 13-м щIегъу.

БлэкIа мазибгъум кърикIуахэм япкъ иткIэ нэрылъагъуу хэхъуауэ къалъытэ промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм я продукцэм, ухуэныгъэм и IэнатIэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм, розницэ сатум, капитал нэхъыщхьэм къыхузэщIагъэуIуэ инвестицэхэм, экспортым. Правительствэм и зэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, предприятэхэм я нэхъыбапIэм санкцэхэм я лъэхъэнэм логистикэ зэфIэкIыщIэхэр къагъэлъэгъуащ. КIуэкIуэ Казбек къигъэуващ Правительствэм зыхуэфащэ и IэнатIэхэр товархэм, лэжьыгъэхэм, Iуэхутхьэбзэхэм я рынокым щызэтеувэ щытыкIэм нэхъри нэхъ егугъуу кIэлъыплъыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ туризмэм и IэнатIэм и щытыкIэм. Дызэрыт илъэсым и япэ мазибгъум ди щIыналъэм зыщызыгъэпсэхуахэм я бжыгъэр мин 980-м нос, блэкIа илъэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар процент 16,2-кIэ нэхъыбэщ икIи зэрыщыту 2021 гъэм щIыналъэм щыIа туристхэм я бжыгъэм къызэрыкIэрыху щыIэкъым. Республикэм и унафэщIым игу къигъэкIыжащ КъБР-м къакIуэ туристхэм я бжыгъэр зы мелуаным 2025 гъэм ирихьэлIэу нагъэсыну къалэну зыхуагъэувыжауэ зэрыщытар. Иджыпсту щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэм и лъэхъэнэр къызэIуахынущи, нэгъабэ елъытауэ бгы-лыжэ спортым дихьэххэм ящыщу ди деж къэкIуэнухэр процент 15-кIэ нэхъыбэ хъуну щогугъ. КIуэкIуэ Казбек жиIащ туризмэм и IэнатIэм зэрызиужьым къыхэкIыу хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ я зэфIэкIым зэрыхэхъуэр, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэрызэIуахыр, бюджетым и хэхъуэхэри нэхъыбэ зэрыхъур. Апхуэдэу щыщыткIэ, къаруушхуэ ехьэлIэн хуейщ мы IэнатIэм и инфраструктурэм щIэгъэхуэбжьауэ зегъэужьыным.

Республикэм и Iэтащхьэм къиIэтащ промышленность псынщIэм и IэнатIэм и щытыкIэри. Дэрбзэр IуэхущIапIэхэм иджыпсту заказышхуэ къаIэрыхьащ. «Абы ипкъ иткIэ предприятэхэм лэжьапIэ IэнатIэщIэу 500-м нэс къызэIуахыфынущ, апхуэдэу щыщыткIэ, инвесторым зэрыхуэфащэкIэ худэчыхын хуейщ», - жиIащ абы.

Агропромышленнэ комплексым и Iуэху зыIутым щытепсэлъыхьым къыхагъэщхьэхукIащ гъавэу кърахьэлIэр зэпымыууэ нэхъыбэ зэрыхъур мелиорацэм зэрызрагъэужьым куэдкIэ зэрелъытар. «Дэ гулъытэ хэха хуэтщIын хуейщ хозяйствэхэм, муниципалитетхэм зэщIыгъуу къагъэсэбэп псыщIэгъэлъадэ кIэнауэхэр зехьэным», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек икIи а Iуэхур ягъэхьэзыру федеральнэ IэнатIэм къыщаIэтыну зыхуэфащэ къулыкъущIэхэм яхуигъэуващ. Апхуэдэу абы Правительствэм хэтхэм гу лъаригъэтащ Шэджэм хадэхэкIхэр зыгъэкI теплицэ дэщIыхьынымкIэ инвестицэ проектыр гъэзэщIа зэрыхъу щIыкIэм. «Абы цIыху миным щIигъу щылэжьэнущ, республикэм и дежкIэ ахъшэшхуэ къыпэкIуэнущ, продукцэми нэрылъагъуу къыхэхъуэнущ», - жиIащ унафэщIым.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ псэупIэ-коммунальнэ комплексыр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ федеральнэ программэщIэхэм республикэр зэрыхэтынум мыхьэнэшхуэ зэриIэм. Абы и жэуапу Мусуков Алий къигъэлъэгъуащ IэнатIэм къыщагъэсэбэп лифтхэр къэгъэщIэрэщIэжыным теухуа унафэ Правительствэм зэригъэхьэзырыр. «Илъэсищ благъэм къриубыдэу жьы хъуа лифтхэм ящыщу 80 зэрахъуэкIынущ. А псори республикэ бюджетым и ахъшэкIэ къащэхунущи, абы пыщIа къалэн псори зэрызэблэдгъэкIынум дыхоплъэ», - къыхигъэщхьэхукIащ премьер-министрым.

Республикэм и Iэтащхьэм къигъэлъэгъуащ фэтэр куэд хъу унэхэм я пщIантIэхэр зэIузэпэщ щIыным дяпэкIи гулъытэшхуэ зэрыхуащIынур. «Пщэджыжьым цIыхур къэтэджрэ унэм къыщIэкIамэ, гурыфIыгъуэ игъуэту щытын хуейщ. Абы папщIэ 2023 гъэм къриубыдэу республикэ бюджетым и хьэкъкIэ пщIантIэу 50-м щегъэжьауэ 100-м нэс зыхуей хуэдгъэзэнущ, адэкIэ къыкIэлъыкIуэ илъэси 3 - 4-м а лэжьыгъэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу нэдгъэблэгъэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Республикэ бюджетыр блэкIа мазибгъум гъэзэщIа зэрыхъуам зэIущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лисун Еленэ**. 2022 гъэм хэхъуэхэр псори зэхэту сом мелард 58,2-м нэсынущ. Абы щыщу мази 9-м сом мелард 44,6-рэ, илъэс планым тещIыхьауэ процент 76,6-рэ, къаIэрыхьащ. Республикэ бюджетым и хэщIхэр сом мелард 60-м щIигъуу къащтауэ щытати, ар жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу сом мелард 43,4-кIэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, процент 72,3-кIэ, ягъэзэщIащ. «Федеральнэ бюджетым къиутIыпщ ахъшэр, нэгъуэщI хэкIыпIэхэм я хьэкъкIэ къытIэрыхьэ ахъшэр зыхуэдизым тещIыхьауэ бюджетыр догъэтэмэмыж. 2022 гъэм дэ бюджетыр хуэщыщIэу къэтщтауэ щытащ, ауэ коммерческэ щIыхуэхэм дыхэмыхьэу Iуэхур зыхуэдгъэкIуэжащ икIи бюджетыр ирикъуу догъэзащIэ», - къигъэлъэгъуащ абы теухуауэ республикэм и Iэтащхьэм. КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ республикэм езым къилэжьыж хэхъуэхэр нэхъыбэ зэрыхъум и фIыщIэкIэ социальнэ къалэн инхэр зэрыдагъэкIыфыр.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам** зэрыжиIамкIэ, узыншагъэр хъумэным ехьэлIа къэрал шэсыпIэхэм я программэм ипкъ иткIэ 2022 гъэм сом мелардi 3,3-рэ къаутIыпщынущ. Льготэ зиIэ цIыхухэр хущхъуэхэмкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ дызэрыт илъэсым республикэ бюджетым щыхухахауэ щытар сом мелуан 608-рэ хъууэ аращ, ауэ ипэжыпIэкIэ нобэм ирихьэлIэу а мурадым трагъэкIуэдащ сом мелуан 800-м щIигъу. Министрым зэрыжиIамкIэ, абы и щхьэусыгъуэр льготэ зиIэ цIыху гупхэм зэпымыууэ къазэрыхэхъуэрщ, апхуэдэу хэхауэ сабийхэм папщIэ шэсыпIэщIэхэр зэрагъэувырщ. Къалэбатэ Руслан къигъэлъэгъуащ медицинэм и IэнатIэм иджырей Iэмалхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ къызэрыщагъэсэбэпыр зэпымыууэ зэрефIакIуэр.

Мусуков Алий зэпкърихащ егъэджэныгъэм и IэнатIэм лэжьапщIэ зэрыщат системэщIэр. Абы къыхигъэщхьэхукIащ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я улахуэм хэгъэхъуэнымкIэ программэр КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ шыщхьэуIум и 1-м щегъэжьауэ ягъэзащIэу зэрыхуежьар. Дэтхэнэ егъэджакIуэми и улахуэр проценти 10-кIэ къызэраIэтам къыдэкIуэу, абы аргуэру мазэ къэс сом мини 3 иратынущ, щылажьэ IуэхущIапIэр зыхуэдэм емылъытауэ. Апхуэдэу дэIэпыкъуныгъэ хэхахэр иратынущ физикэмкIэ, химиемкIэ, информатикэмкIэ егъэджакIуэхэу къуажэ школхэм щылажьэхэм. А псоми япкъ иткIэ егъэджэныгъэм и IэнатIэм щылажьэхэм щIыналъэ бюджетым къыхэкIыу дызэрыт илъэсым сом мелардым щIигъу, къыкIэлъыкIуэ илъэсым сом мелард 1,7-рэ яIэрыхьэнущ.

Правительствэм и зэIущIэм хэтахэр IуэхущIапIэхэмрэ псэупIэ унэхэмрэ бжьыхьэ - щIымахуэ зэманым зэрыхуэхьэзырым щыгъуазэ ищIащ Къуныжь МуIэед. 2022 - 2023 гъэхэм я щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыным сом мелуан 739,4-рэ хухахащ. Иджыпсту котельнэхэм щIагъэнащ икIи фэтэр куэду зэхэт унэхэмрэ социальнэ IэнатIэм и IуэхущIапIэхэмрэ гъэплъын щIадзэ. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зыхуэфащэ унафэщIхэм яхуигъэуващ фэтэр куэд хъу унэхэр зезыхьэ IуэхущIапIэхэмрэ ахэр хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр къызэрагъэпэщыну. Апхуэдэу администрацэхэм я Iэтащхьэхэр гулъытэ хэхакIэ бгъэдыхьэн хуейщ цIыхухэм я тхьэусыхафэхэр зэпкърыхыным. Мы Iуэхум езым и щхьэкIэ и нэIэ тригъэтынущ республикэм и Iэтащхьэм.

# Ухуэныгъэхэр зэрекIуэкIым топсэлъыхь

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ ухуэныгъэхэр зэрекIуэкIымкIэ жэуап зыхь штабым и зи чэзу зэIущIэ.**

АБЫ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, абы и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед, КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Аслъэн, КъБР-м ЖКХ-мрэ ухуэныгъэхэмкIэ и министр Бэрбэч Алим сымэ.

Бэрбэчым зэрыжиIамкIэ, зыхуей хуэгъэзауэ ухуэныгъэу 8 ятагъэххэщ:

Бахъсэн къалэм и 6-нэ, 10-нэ курыт еджапIэхэм къепхауэ къызэIуаха сабий садхэр (дэтхэнэми сабий 60 щIэхуэу),

Илъэсрэ ныкъуэрэ ирикъуа сабийхэм папщIэ Ташлы-Тала щыIэ садикым пащIыхьа ухуэныгъэмрэ Новая Балкарием щаухуа сабий садымрэ (сабии 120-рэ щIэхуэу),

«Вольнэ аул» хьэблэм щащIа сабий садыр (сабии 140-рэ щIэхуэу),

Аушыджэр къуажэм щаухуа амбулаторэр (махуэм цIыху 90-м щеIэзэфу),

Псы къыщыщIаш щIыпIэу Солдатскэмрэ Пролетарскэмрэ щащIахэр.

ЗэрыжаIамкIэ, 2022 гъэр имыкI щIыкIэ иджыри ухуэныгъэ 11 нагъэсыну я мурадщ. Ахэр дэтхэнэми еджакIуэ 500 щIэхуэу Нарткъалэрэ Куба къуажэмрэ щащI курыт еджапIэхэрщ, еджакIуэ 785-рэ щIэхуэну Прохладнэ къалэм дащIыхь курыт еджапIэрщ, сабии 140-рэ щIэхуэу Солдатскэм щатыну сабий садырщ, Дыгулыбгъуей къуажэм дэт поликлиникэ къагъэщIэрэщIэжырщ, мафIэсгъэункIыфI IуэхущIапIэу Зеикъуэрэ Новэ Хьэмидейрэ щаухуэн, къагъэщIэрэщIэжын хуейхэрщ.

КъищынэмыщIауэ, Сэрмакъ, Старэ Шэрэдж, Гундэлэн къуажэхэм псы къабзэ зэрекIуалIэ бжьамийхэр зыхуей хуагъэзэну щыжаIащ зэIущIэм.

ДыщэкI Аслъэн къызэрыхигъэщамкIэ, куэд мыщIэу яухынущ Шэджэм гъуэгумрэ (лъэмыжитху хиубыдэу) Курп Ипщэм и дэлъэдапIэмрэ. КъулыкъущIэм къыхигъэщащ Шэджэм гъуэгум щыщу Хъуштэ-Сыртрэ Булунгурэ екIуалIэхэр нагъэсын папщIэ мылъку иджыри зэрыхухахынур.

КъищынэмыщIауэ, 2023 гъэми пащэнущ Налшык къалэм и гъуэгухэм елэжьыжыным: зыхуей хуагъэзэнущ Къэбэрдей, Пятигорскэ, Осетинскэ уэрамхэмрэ Къалмыкъым, Нэхущым, Руставели, Мэзлом я цIэхэр зезыхьэ уэрамдэкIхэмрэ. Мы гъэм зэлэжьа адрей гъуэгухэм хуэдэу, абыхэми асфальтыщIэ тралъхьэнущ, лъэс лъагъуэ щащIынущ, къэувыIапIэ, светофор, гъуэгу дамыгъэхэр трагъэувэнущ.

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Краснодар крайм и губернатор Кондратьев Вениамин хуэгузэващ

«Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм гуауэшхуэ тщыхъуащ апхуэдиз цIыху гъащIэ зыхьа насыпыншагъэр. Дыфхуогузавэ, фи гуауэри вдыдоIыгъ! Зи благъэрэ Iыхьлырэ хэкIуэдахэм дазэрыхуэгузавэр ящIэну сыхуейт, сымаджэщым щIэлъхьэри узыншэ хъужыну ди гуапэщ», - щыжеIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и тхыгъэм.



# Бжьыхьэм и теплъэгъуэ

**ЗэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъу ямыIэу фокIадэ мазэр изыха жыгхэм зэуэ зыхащIащ щэкIуэгъуэм и уэлбанэ щIыIэтыIэр. Налшык и зыгъэпсэхупIэ паркым, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм, итхэм ящыщу япэу гъуэжьыгъэ зыхидзар кIейхэм я щхьэкIэ баринэшхуэхэрщ. Дыгъэ бзийр хэгъуащэу гъуэжькуийщ ахэр. Темыгушхуащэу, абыхэм кIэлъыпIащIэ хуэдэ, гъуэжь мащIэ къыщхьэщыхьэу хуежьащ паркыр зыгъэдахэ бзииху гуэрэным, кIарцым, тхуейм.**

ГЪЭ къэс иджы хуэдэ зэманым Налшык дэт Экологобиологическэ центрым, курыт еджапIэхэм, гуэдзэн щIэныгъэмкIэ IэнатIэхэм я гъэсэнхэм паркымрэ лъэс зекIуапIэхэмрэ узыщрихьэлIэ жыгхэм бжэндэхъу унэхэр кIэращIэ. Абыхэм, къызэрыгуэкIыу щымыту, теплъэ гъэщIэгъуэныщэхэр яIэщ. Езы бзу цIыкIухэми, хэплъыхь ящI хуэдэ, гъурыгъуххэу ахэр къаплъыхьри языныкъуэхэм къыщызэтоувыIэ. Унэхэм яхэтщ фанерэм, жыг пхъафэ къабзэм къыхащIыкIахэр, ахэр зэмыфэгъуу лэжащи, зэуэ нэм къеубыд.

Ди паркхэм ипэкIэ щыдмылъэгъуа зы бзу къуэлэн дахащэ жыгеижьым кIэрыщIа унэ плъыжьыбзэм бгъэдэлъатэри, зэпиплъыхьащ. ТIэкIу фIэцIыкIуа, псынщIэ дыдэу Iулъэтыжри, къыщыхуташ пхъэм къыхэщIыкIарэ и ипщхьэпIэхэр нэхъ ину адэкIэ къыщыфIэлъ абгъуэм.

Бжэндэхъу унэхэр фIащIэу къагъэнэжакъым; цIыкIухэм кърагъэжьа Iуэху щхьэпэм ныбжь зиIэхэри зыгуэркIэ зэрыхэсэбэпыхьыным хэтщ; лъахъшэу фIэлъ бзу шхапIэ цIыкIум зы нанэ бгъэдыхьэри хугу яхутрикIутащ. Дауи, ар абы и щыпэщIэкъым, бзу гъуабжэ цIыкIухэр куэду къежауэ хугур щащыпкIэ.

Бзухэм я закъуэтэмэ удэкIуэтэнт, лъэс лъагъуэм ирикIуэхэм къапежьэр: кIэпхъ цIыкIухэми иджыпсту щыщIэдзауэ бжьыхьэм зыхуагъэхьэзыр. Хэти тхьэмпэрэ мышхумпIэрэ дзапэм жьэдэлъу дрехьей, хэти шхапIэмкIэ маплъэ, бзухэм къадэхуэIамэ къапхъуэтэн къудейуэ. Паркым щыпсэу псэущхьэ цIыкIухэм ящIэ бжьыхьэ къэIэгъуам узэрыдекIуэкIынур: жыг кугъуанэр кIыгугум егугъуу кърегъэкъэбзыкI, кIэпхъым елъытауэ ар мыгъэтIылъэми хъунущ - хьэпщхупщхэм зыщагъэпщкIуа жыг пхъафэхэр дэнэ кIуэн...

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Узыншагъэ

# Пэрытхэм ящыщщ

**Урысейм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм тхьэмахуэ къэс щрагъэкIуэкI зи чэзу зэIущIэм щыжаIащ «Къуажэ дохутыр» программэр гъэзэщIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым бжьыпэр зэриIыгъыр.**

УФ-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм зегъэужьыным тещIыхьауэ къыхалъхьа «Къуажэ дохутыр» къэрал программэмкIэ 2022 гъэм республикэм IэнатIэкIэ къыщызэрагъэпэщынущ IэщIагъэлI 29-рэ.

Апхуэдэу Бахъсэн, Тэрч, Май, Аруан, Лэскэн, Дзэлыкъуэ районхэм щыIэ амбулаторэхэм лэжьэн щыщIадзащ медицинэ IэщIагъэлI 26-м. Абыхэм ящыщу 19-р дохутырщ, 7-р «ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм» и фельдшерщ. Илъэсым и кIэ хъуху IэщIагъэлIищ IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщынущ.

«Къуажэ дохутыр» программэм IэщIагъэлI ныбжьэщIэхэм Iэмал къаритынущ субсидиехэр нэхъ тыншу къаIэрыхьэнымкIэ, къищынэмыщIауэ, щIыналъэм и медицинэ IэнатIэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIи щхьэпэщ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам къыхигъэщащ къуажэхэм щыIэ медицинэ IуэхущIапIэхэм щылажьэ дохутырхэм я бжыгъэм программэм и фIыгъэкIэ къызэрыхэхъуар, ар IэнатIэр ефIэкIуэнымкIэ хэкIыпIэ хъарзынэу зэрыщытыр. 2019 - 2021 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым «Къуажэ дохутыр» программэр зэрыщагъэзэщIам ипкъ иткIэ, къэрал медицинэ IуэхущIапIэхэм унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ дохутыри 110-м лэжьыгъэ IэнатIэ ягъуэтащ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Унагъуэхэм я нэIэ трагъэт

**КIуэкIуэ Казбек «муниципальнэ сыхьэт» иригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, щIыналъэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.**

ЗЭХУЭСАХЭР тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу дзэ къалэн ягъэзэщIэну ираджэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъу щIыкIэм.

НэхъапэIуэкIэ республикэ Iэтащхьэм унафэ ищIащ щIалэ дашахэм мазэ къэс сом мин 25-рэ зэрыратынум теухуауэ. КIуэкIуэм жиIащ езыхэр хуейуэ иужькIэ дэкIахэри ахъшэ зратынухэм зэрыхагъэхуэнур.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд къыхигъэщащ дашахэм Iэщэ-фащэ къэщэхуным я мылъку зэрытрагъэкIуэдам щхьэкIэ сом мин 50 зырыз зырыхуагъэкIуэжар, къищынэмыщIауэ, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабий зи адэ ираджахэм гъэсапIэхэм щIат ахъшэр зэрыщхьэщахыр.

ЩIыпIэ самоуправленэхэм къалэн щащIауэ зи бын, щхьэгъусэ дзэ Iуэху хэхахэм щыIэхэм я нэIэ трагъэтщ. КIуэкIуэм и унафэкIэ, министрхэр кIэлъоплъ апхуэдэ унагъуэхэм.

«Дэ дызэгъусэщ» волонтёр клубри щолажьэ республикэм, щIыналъэхэм къудамэ щаIэу. Дзэ Iуэху хэхахэм щыIэхэм я деж абыхэм хьэпшыпрэ шхыну тонн 500 ирагъэшащ.

# Пащты Герман къытхуищIа тыгъэ лъапIэхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

**«Тысяча сто гравюр» - аращ фIащар КъБР-м и Лъэпкъ музейм щекIуэкI гъэлъэгъуэныгъэм. Абы хагъэхьащ УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, КъБР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, РАХ-м и академик, республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат, Красноярск дэт къэрал художественнэ институтым ксилографиемкIэ и студием и къызэгъэпэщакIуэ икIи и унафэщI, профессор Пащты Германрэ и гъэсэнхэмрэ я Iэдакъэ къыщIэкIа ксилографие лэжьыгъэу ди республикэм и къэралыгъуэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу тыгъэ къыхуащIахэр. Проектыр къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ ХудожествэхэмкIэ Урысей Академиемрэ. Зэхыхьэр иригъэкIуэкIащ музейм и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Накуэ Феликс.**



КЪЫЖЫIАПХЪЭЩ, проектым хыхьэу зы школым и IэпщIэлъапщIэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэ миным щIигъум щыщу 400-р ди музейм и пэшышхуэм япэу утыку къызэрыщрахьэр. Проектым жыджэру хэтщ Урысейм и художники 100-м щIигъу. Гъэлъэгъуэныгъэм халъхьащ Красноярск къэрал художественнэ институтыр, Красноярск гъуазджэхэмкIэ и къэрал институту Хворостовский Дмитрий и цIэр зезыхьэр къэзыухахэмрэ абыхэм екIуалIэхэмрэ, езы Пащты Германрэ и къуэ Алимрэ я сурэт гъэщIэгъуэнхэр, ксилографиемкIэ урыс IэщIагъэлI цIэрыIуэхэм, РАХ-м хэтхэм, къэрал дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщахэм, хамэ къэралхэм щекIуэкIа зэпеуэ зыбжанэм пашэ щыхъуахэм я лэжьыгъэхэр. Абы щызэхуахьэсащ урыс классикэм, иджырей адыгэ тхакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа художественнэ тхыгъэхэм хуащIа сурэтхэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я хэлъхьэныгъэфIщ Пащты Герман къытхуищIа тыгъэхэр. А лэжьыгъэхэм ящыщу 200-р езы Герман и Iэдакъэ къыщIэкIащ. А тыгъэхэм я фIыгъэкIэ ди республикэм ксилографие музей къыщызэIутхыну Iэмал диIэщ. Апхуэдэу дуней псом щыIэ музейхэм я бжыгъэр Iэпэкlэ къыпхуэбжынущ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым и къуэдзэ Къардэн Мурат къыщыпсалъэм къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэ псом я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр мы Iуэхум, сыту жыпIэмэ апхуэдэ зы лэжьыгъэ нэхъ мыхъуми тыгъэ зыхуащI музейм ар насыпышхуэу къелъытэ. «Зи щIыналъэр фIыуэ зылъагъу Пащты Герман зэуэ сурэт 1100-кIэ музейм къызэрыхуэупса уасэ хуэщIыгъуейщ, ар фIыгъуэшхуэщ», жиIащ Мурат. Парламентым и лIыкIуэм Пащтыхэ я лъэпкъым фIыщIэ яхуищIащ апхуэдэ зэфIэкI зиIэ художник гуащIафIэ къазэрыхэкIам папщIэ.

Къардэн Муратрэ Къумахуэ Мухьэдинрэ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр Пащтым и гъэсэнхэм ящыщу зыхуагъэфэщахэм иратыжащ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуащIам папщIэ.

- Мы гъэлъэгъуэныгъэр щIэдзапIэу дыбжынщ. Мыбдеж щыфлъагъур ди тыгъэм и Iыхьэ щанэрщ. Лэжьыгъэ 400-м щIигъу зэкIэ къэтшами, а псор выставкэм къытхузэщIегъэубыдакъым. Ксилографие музей республикэм къыщытхузэIухмэ, псом япэ дищыфынут! - жиIащ Герман

Ксилографием хуэIэкIуэлъакIуэ Снетков Алексей и псалъэм къыхигъэщащ Налшык къыхуащIа тыгъэ лъапIэм хуэдэ зыхуащIа нэгъуэщI зы щIыналъи дуней псом зэрыщымыIэр, иджыри илъэс пщIы, щэ бжыгъэкIэрэ а дахагъэм деплъыну Iэмал дызэриIэр, дуней псом щыщ художник Iэзэхэм я лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса сурэтхэр саугъэт къызэрытхуащIам теухуа Iуэху гуапэм щIэблэр кIуэ пэтми зэрыригушхуэнур.

- Урысейм и мызакъуэу, дуней псом пщIэ щызиIэ ди хэкуэгъу Пащты Герман и зэфIэкIхэм дрогушхуэ. СурэтыщI гъуазджэм лъабжьэ быдэ щызиIэ Герман и лэжьыгъэхэр дэркIэ лъапIэщ, и IэпщIэлъапщIагъэр щIэблэм я щапхъэщ. ДяпэкIи гъуазджэм ехъулIэныгъэфIхэр ущиIэну, утхуэузыншэну ди гуапэщ, - жиIащ Хъурей Феликс.

КъБКъУ-м и проректор Хъурей Арсен жиIащ Пащты зэадэзэкъуэм я лэжьыгъэхэм зыщагъэгъуэзэну Iэмал зэраIэр зэрыгуапэр, я ехъулIэныгъэхэм зэрыригушхуэр, зынэса лъагапIэм къыщымыувыIэу, дяпэкIи я зэфIэкIхэм хагъэхъуэну зэрыхуэхъуапсэр.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ и комитетым и УнафэщI Къумал Заурбэч, РАХ-м щIыхь зиIэ и академик, профессор Тимохов Сергей сымэ, нэгъуэщIхэри.

Пащты Герман фIыщIэ яхуищIащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, республикэм и унафэщIхэм, щIыналъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуащIым папщIэ. Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ Пащты Герман и гъэсэнхэр, я егъэджакIуэм псалъэ гуапэ мыухыжхэмкIэ зыхуагъэзэу.

Выставкэм и хьэщIащ ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием (РАХ-м) хэтхэр, республикэм и сурэтыщIхэр, гъуазджэм дихьэххэр. Гъэлъэгъуэныгъэр щэкIуэгъуэм и 4 пщIондэ лэжьэнущи, гупыж зыщIхэм Iэмал яIэщ абыхэм еплъыну.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*







# Тхылъхэр дуней телъыджэщ

**Республикэм ныбжьыщIэхэм папщIэ и библиотекэу Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэм тхылъым щращIэкIащ «Дуней телъыджэ» зыфIаща махуэшхуэ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, зи гугъу тщIы библиотекэм, Сабийхэм я библиотекэ ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэм. Iуэхур траухуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 зэрырикъуам.**

БИБЛИОТЕКЭМ къыщызэрагъэпэщащ «Тхылъыр сыт щыгъуи» гъэлъэгъуэныгъэ щIэщыгъуэ. Республикэм и щIыпIэ дахэхэр, лъэпкъ фащэхэр, къуажэ теплъэхэр щыплъагъурт сабийхэм я «Дыкъыщыхъу лъахэ» сурэт зэпеуэм щытекIуа лэжьыгъэхэм. Сурэтхэр щхъуэкIэплъыкIэт, дэрэжэгъуэ хэплъагъуэу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Лъэпкъ музейм и гъэтIылъыгъэхэм къыхахауэ библиотекэм къаша сурэтхэм школакIуэхэр щызыгъэгъуэзар а музейм и къудамэм и щIэныгъэлI нэхъыжь Къэшэж Марьянэщ. «Налшык и тхыдэр сурэтхэмкIэ» унэтIыныгъэр и тегъэщIапIэу, абы цIыкIухэр щигъэгъуэзащ къалэ уэрамхэм нэхъ пасэм яIа теплъэм, унэ тIорысэхэм, уэрамхэм щыплъагъуу щыта цIыхухэм я теплъэм, пасэрей автомобилхэм, нэгъуэщIхэми.

Тхылъым иращIэкIа зэхыхьэм и зы Iыхьэу Налшык къалэм Промышленность псынщIэмкIэ и колледжым и студентхэм яIущIащ республикэм и тхакIуэ, усакIуэ ныбжьыщIэхэу Мазуренкэ Маринэ, Гугъуэт Заремэ, Хаджиевэ Джамилэ сымэ. Ахэр тепсэлъыхьащ тхылъым и мыхьэнэм, я тхыгъэхэм теухуауэ ныбжьыщIэхэр зыщIэупщIахэм пэджэжащ, я IэдакъэщIэкIхэм къахуеджащ.

- Тхылъым уегъасэ, уи щIэныгъэм хегъахъуэ, гъащIэм къигъэув упщIэ куэдым я жэуапхэри ибогъуатэ. Псом хуэмыдэу художественнэ тхыгъэхэр вгъэныбжьэгъун хуейщ - абы дахагъэкIэ епсыхь гупсысэр, - жиIащ Гугъуэт Заремэ.

Мазуренкэ Маринэ ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэм къыщыдэкI литературэ журналхэм, тхылъ щIэщыгъуэхэм ущеджэ хъуну интернет порталхэм, тхэным тегушхуа студентхэр зэкIуэлIэну литературэ школхэмрэ зыхыхьэ хъуну зэпеуэхэмрэ теухуа хъыбархэмкIи ядэгуэшащ, и усэ тхылъри тыгъэ яхуищIащ.

- Сэ тхэн щIэздзащ си IэдакъэщIэкI сурэтхэм я фIыгъэкIэ. Сурэт сощIри, абыхэм хъыбар къахузогупсысыж. Апхуэдэу зэзгъэпэщащ тхыгъэрэ теплъэрэ щызэхэухуэна творческэ дуней. ИкIи си мурадщ си хъыбархэр зэуIу сщIыуэ тхылъ щхьэхуэу къыдэзгъэкIыну, - жиIащ Хаджиевэ Джамилэ.

Тхылъым и махуэшхуэм хэтащ ГъуазджэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ и колледжым и студентхэр, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ Таукеновэ Галинэ и гъэсэнхэр. Абыхэм жаIащ щIалэгъуалэм яфIэфI уэрэдхэм щыщ.

Тхылъ ущеджэ пэшым къыщызэрагъэпэщат «Папирусым щегъэжьауэ планшетым нэс» видеогъэлъэгъуэныгъэр. Абдежым щрагъэкIуэкIащ тхылъым теухуа упщIэ гъэщIэгъуэнхэр зыхэта зэпеуэ. ИужькIэ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ усэ къеджащ, къуажэхьхэр къащIащ.

Махуэшхуэр иухащ «Тхылъыр - тыгъэу» IуэхумкIэ. Библиотекэм къекIуэлIа сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ тхылъхэр хуагуэшащ.

**НАФIЭДЗ Данэ.**

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

# И къулыкъум хуэфащэщ

**Кадр IэнатIэм къулыкъу щызыщIэхэр сыт щыгъуи япыщIащ цIыхухэм - хэт лэжьапIэ къоув, хэт IуокIыж, зыгъэпсэхуакIуэ, командировкэ макIуэри, абыхэм я Iуэхухэр зэкIэлъыгъэкIуэн, я тхылъхэр зэгъэпэщын хуейщ.**



КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ - зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ зыгуэрхэр гъэпэжэнри, еджапIэ гъэкIуэнри, гупым щыщыIэ щытыкIэри, нэгъуэщI Iуэху куэдми я нэIэ тетщ кадрхэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэм. Апхуэдэу щытми, езы «кадровикхэр» лъэныкъуэкIэ къыщонэ, абыхэм ятеухуауэ ящIэр мащIэщ. Ар дгъэзэкIуэж щIыкIэу, нобэ фэдгъэцIыхуну дыхуейщ Урысей МВД-м Тэрч районым щиIэ къудамэм къулыкъу щызыщIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и IэнатIэм и унафэщIыр.

«ЦIыхур езым и пIэм итыжщ» щыжаIэр лэжьакIуэм и IэщIагъэм фIыуэ зэрыхищIыкIыр, и къалэнхэр хьэлэлу зэригъэзащIэр, и IэнатIэм и хьэл-щэнкIи зэрыхуэкIуэр къагъэлъэгъуэну щыхуейм дежщ. Зи гугъу фхуэтщIыну, кадр IэнатIэм (ОРЛС) илъэс 20 хъуауэ щылажьэ Къаншокъуэ Анзор а пщалъэхэм хуокIуэ. Ар къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм щолажьэ 1998 гъэ лъандэрэ. КъыщIидзащ къалэныр езыхьэкIхэм ядэлэжьэнымкIэ инспектору. И IэщIагъэм хигъахъуэурэ, еджапIэ нэхъыщхьэр къиухри, 2005 гъэм Анзор ягъэуващ Урысей МВД-м Тэрч районым щиIэ къудамэм и унафэщIым и дэIэпыкъуэгъуу - къулыкъу зыщIэхэм ядэлэжьэнымкIэ IэнатIэм и унафэщIу.

- Ди лэжьыгъэр икъукIэ гъэщIэгъуэнщ, сыту жыпIэмэ, махуэ къэс цIыхухэм уахуозэ, уопсалъэ, - жеIэ Анзор. - ЛэжьакIуэхэри зэхуэдэкъым, щытыкIэ гугъу къыщытхуихуэхэри щыIэщ. Ди IэнатIэр цIыхухэм я гуфIэгъуи я гуныкъуэгъуи зрахьэлIэщи, дэтхэнэми хуэфащэ гулъытэ ягъуэтын хуейщ.

Мыри къыхэгъэщыпхъэщ: ОРЛС-м и лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ пенсионерхэмрэ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ япыщIауэ щытыным.

- Ди лэжьэгъу хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ гулъытэ нэхъыщхьэ зыхуэтщIхэм ящыщщ. Ахэр тщыгъупщэмэ, ди блэкIар, ди тхыдэмрэ пщIэмрэ тщыгъупщэжынущ, - жеIэ къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковникым. - КадрхэмкIэ ядэлэжьэнымкIэ IэнатIэм къулыкъу щызыщIэм и ехъулIэныгъэм и щэхур хызолъагъуэ дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ хэха къыхуигъуэтыфыным, хабзэхъумэхэм сыт щыгъуи гулъытэ яхуищIыным, зыгъэпIейтейхэр зэхищIыкIыным, зэрыхузэфIэкIкIи щIэгъэкъуэн хуэхъуным. Сыт хуэдэ гугъуехьри къызэбнэкIыфынущ, уи лэжьыгъэр фIыуэ плъагъумэ, икIи цIыхухэм сэбэп уазэрыхуэхъуфым арэзы укъищIынущ, - жеIэ Къаншокъуэ Анзор.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

# Гуащхьауэхэм я IутIыжыгъуэ

● Футбол

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм и тIощIрэ етхуанэ джэгугъуэм хыхьэ зэIущIэхэр мы махуэхэм зэхэтащ.**

ДЖЭГУГЪУЭМ и япэ махуэм зэпэщIэтахэм ящыщщ зэхьэзэхуэм и медалхэм жыджэру щIэбэн «Тэрчымрэ» турнир таблицэм и иужьрей увыпIэхэм къыщызэтеувыIа «Кэнжэмрэ». А махуэм хэгъэрейхэр убыдыпIэншэ дыдэ хъуат - «Тэрчыр» къиуат. ХьэщIэхэр я гъуэм къыбгъэдыхьэну зы Iэмали ирамыт урэ джылахъстэнейхэм Кэнжэ и командэр бгъуэнейрэ хагъэщIащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатым куэдрэ узыщримыхьэлIэ Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн къыщыхъуащ а зэпэщIэтыныгъэм. «Тэрчым» и гъуащхьауэ Пщыншэ Аркадий а махуэр и IутIыжыгъуэт - абы и закъуэ къылъысу «Кэнжэм» и гъуэм топих (!) дигъэкIащ. ТIэунейрэ къыхэжаныкIащ Хьэгъур Къантемыр. И командэм и текIуэныгъэм хэлъхьэныгъэ хуищIащ Iэщын Аслъэни.

НэхъыфIхэм закъызэрыкIэримыгъэхуным хущIэкъу «Искра»-м и унэ къыщригъэблэгъащ «Шэджэм-2»-р. Мы зэIущIэми хэгъэрейхэр нэхъ лъэщу къыщыщIэкIащ. Алътуддэсхэм я футбол командэ нэхъыщхьэм и хьэрхуэрэгъухэм плIэнейрэ я жагъуэ ящIащ. ХьэщIэхэм абы и жэуапу къратыжыфар топитI къудейщ. Иджырей зэIущIэм текIуэныгъэ къызэрыщихьам «Искра»-м адэкIи Iэмал къритащ зэхьэзэхуэм и медалхэм папщIэ бэнэныгъэм пищэну.

Джэгугъуэм и топ нэхъыбэ дыдэ щыдэгъэкIа хъуащ «Автозапчасть»-мрэ «Шэрджэсымрэ» яйр. Зэхьэзэхуэм щыпашэм и увыпIэр итыну зэрызимыгъэхьэзырыр иджыри зэ наIуэ футболеплъхэм ящищIащ. Мы зэхьэзэхуэми телъыджэ къыщыхъуащ. Бахъсэндэсхэм я текIуэныгъэм топихкIэ (!) хэлъхьэныгъэ яхуищIащ Бэчбо Мурат. ЗэIущIэм зэрызэ къыщыхэжаныкIащ Бажэ Амир, Балэ Альберт, Къущхьэ Рустам сымэ. ХьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэныкъуэ Сэбан Азэмэт и топ закъуэм зэпэщIэтыныгъэм и кIэух бжыгъэм зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэфа къудейщ. Иужьрей джэгугъуэм къыщыхудагъэкIа топибгъур къэплъытэмэ мыгъэрей зэхьэзэхуэм къриубыдэу «Шэрджэсым» и гъуэр къызэрыхагъэщIам я бжыгъэр 100 ирикъуащ.

Зэхьэзэхуэм щыпашэхэм яхэхуэным зи гугъэр хэзыхыжа «Малка»-м и джэгукIэр къызэтригъэувыIэну и мурадкъым. Шэджэм ЕтIуанэ щыIэу Балъкъ Iуфэ къикIа командэр ефIэкIащ турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэм ящыщ зым къыщыт «Къэбэрдейм». ХьэщIэхэм ящыщу къыхэжаныкIащ Джэрыджэхэ Алихьанрэ Заурбэчрэ, Тэтэр Исмел, Хьэжыкъарэ Ибрэхьим сымэ.

Мыгъэрей зэпеуэр иухыным джэгугъуищ къэнэжащ. Турнир таблицэм къыщыхьа бжыгъэхэм уриплъэмэ, «Родник»-м иджыри Iэмал иIэщ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щиубыдыну, апхуэдэ дыдэуи медалыншэу къэнэнми зэкIэ абыхэм зыщахъумакъым. ПлъапIэ лъагэм зэрыхуэкIуэным ехьэлIа Iэмал псори къагъэсэбэпыну хэтщ Псынэдахэ и футболистхэм. ЩэкIуэгъуэм и 16-м Псыгуэнсу щызэхэта зэIущIэм хьэщIэхэр бжыгъэшхуэкIэ щIыпIэ командэм ефIэкIащ. Псынэдахэдэсхэм жэуапыншэ топитху худагъэкIащ иджырей зэхьэзэхуэм ику увыпIэхэм зыщызыгъэбыда «Псыгуэнсум».

ТIощIрэ етхуанэ джэгугъуэм зэхэта зэIущIэхэм ящыщу нэхъ лъэщыр щызэхэмыкIар «Ислъэмейрэ» «Спартак-Д»-мрэ я зэпэщIэтыныгъэм и закъуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и футбол командэ нэхъыщхьэм и щIалэгъуалэ гупым турнир таблицэм очко пщыкIухкIэ къащыкIэрыху ислъэмейдэсхэм хуэфэщэну пэщIэтащ хьэщIэхэм. Командэхэм топ тIурыткIэ зэхъуэжауэ очко зырыз зыIэрагъэхьауэ зэбгъэдэкIыжащ.

«ДыгъафIэ къалэм» щекIуэкIа «ЛогоВАЗ»-мрэ «Урыхумрэ» я зэIущIэм кърикIуа бжыгъэм зэхьэзэхуэм и турнир таблицэм зэхъуэкIыныгъэшхуэ хилъхьакъым. Лэскэн куейм щыщ командэм зэIущIэм зы топкIэ нэхъыбэ щыдигъэкIри къыкIэлъыкIуэ очкоищыр и хъуржыным рилъхьащ.

ЕпщыкIубгъуанэ джэгугъуэм щыщу ягъэIэпхъуауэ щыта «Малка»-мрэ «Тэрчымрэ» я зэIущIэр жэпуэгъуэм и 17-м зэхэтыжащ. Каменномост щекIуэкIа зэпэщIэтыныгъэм текIуэныгъэр къыщызыхьа тэрчдэсхэр зы лъэбакъуэкIэ я плъапIэм нэхъ пэгъунэгъу хъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и дивизион нэхъыщхьэм и тIощIрэ етхуанэ джэгугъуэм зэхэта зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр кърикIуащ: *жэпуэгъуэм и 15-м* - «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - **9:0**, «**Искра**» (Алътуд) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтIуанэ) - **4:2**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - **9:1**, «**Къэбэрдей**» (Налшык) - «**Малка**» (Малка) - **1:4**; *жэпуэгъуэм и 16-м* - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **2:2**, «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **0:5**; *жэпуэгъуэм и 17-м* - «**ЛогоВАЗ**» - (Бабугент) - «**Урыху**» (Урыху) - **2:3**.

Дызыхуэкlуэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм зэхэтынущ: «Кэнжэ» - «Малка», «Псыгуэнсу» - «Къэбэрдей», «ЛогоВАЗ» - «Автозапчасть», «Искра» - «Шэрджэс», «Родник» - «Урыху», «Шэджэм-2» - «Спартак-Д», «Ислъэмей» - «Тэрч» зэIущIэхэр.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Автозапчасть»** | **22** | **20** | **1** | **1** | **110-18** | **61** |
| **2. «Родник»** | **23** | **18** | **2** | **3** | **94-31** | **56** |
| **3. «Тэрч»** | **23** | **17** | **2** | **4** | **96-30** | **53** |
| 4. «Искра» | 23 | 15 | 2 | 6 | 74-51 | 47 |
| 5. «Малка» | 23 | 13 | 0 | 10 | 65-46 | 39 |
| 6. «Спартак-Д» | 22 | 11 | 5 | 6 | 74-38 | 38 |
| 7. «ЛогоВАЗ» | 23 | 9 | 5 | 9 | 48-57 | 32 |
| 8. «Шэджэм-2» | 23 | 9 | 3 | 11 | 53-77 | 30 |
| 9. «Урыху» | 23 | 8 | 4 | 11 | 61-86 | 28 |
| 10. «Ислъэмей» | 23 | 6 | 4 | 13 | 53-76 | 22 |
| 11. «Псыгуэнсу» | 23 | 6 | 3 | 14 | 46-87 | 21 |
| 12. «Кэнжэ» | 23 | 4 | 2 | 17 | 49-97 | 14 |
| **13. «Къэбэрдей»** | **23** | **3** | **1** | **19** | **45-108** | **10** |
| **14. «Шэрджэс»** | **23** | **2** | **4** | **17** | **34-100** | **10** |

# Зэхьэзэхуэ зэIухам къыхожанык

**Белоруссием и къалащхьэ Минск дэт «Стайки» олимп зыгъэхьэзырыныгъэмкIэ центрым щекIуэкIащ атлетикэ хьэлъэмкIэ зэхьэзэхуэ зэIуха. А спорт лIэужьыгъуэмкIэ федерацэм и саугъэт нэхъыщхьэхэм щIэбэнащ зи ныбжьыр илъэс 23-м щIимыгъуа спортсменхэр.**

УФ-м и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм утыку къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен Марий Тимур. ДвоеборьемкIэ псори зэхэту килограмм 370-рэ (170/200) къэзыIэта ди щIалэр зи хьэлъагъыр килограмми 100-м нэблагъэхэм я зэпеуэм етIуанэ щыхъуащ икIи ди къэралым и гуп нэхъыщхьэм дыжьын медаль къыхуихьащ.

Спортсменыр Нарткъалэ щегъасэ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренер Шэкэм Михаил.

**МЭЗКУУ Къан.**



# «ЦIыхубэ участковэ-2022»

**Урысейпсо зэхьэзэхуэм и щIыналъэ Iыхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щиухащ.**

КъБР-м щыIэ МВД-м и сайтым Iэ щаIэткIэрэ республикэм щыпсэухэм къыхахащ «ЦIыхубэ участковэ» урысейпсо зэпеуэм и кIэух Iыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкIыу хэтынур - полицэм и участковэ уполномоченнэр.

Жэпуэгъуэм и 7 - 16-хэм екIуэкIа IэIэтым кърикIуамкIэ зэпеуэм и республикэ кIэух Iыхьэм щытекIуэри, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ участковэ» цIэр зыIэригъэхьащ Урысей МВД-м и Бахъсэн къудамэм и участковэ уполномоченнэ, полицэм и капитан Къуэдзокъуэ Мурат.

ЕтIуанэ увыпIэр иубыдащ полицэм и капитан БжэныкIэ Елдар (Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районым щиIэ къудамэ), ещанэ хъуащ полицэм и майор Фёдоров Егор (Урысей МВД-м и Май район къудамэ).

Къэрал псом и участковэ нэхъыфIыр къыщыхахыну кIэух IэIэтыр екIуэкIынущ щэкIуэгъуэм и 1 - 10-хэм.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр:
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ,
Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.736
Заказыр №2113
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.).*
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.